



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 11
KONTE PALM BEACH COVID-19
DIREKTIV ANPLIS SOU ETABLISMAN REKREYATIF YO**

KONSIDERAN, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon viris lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

KONSIDERAN, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la, ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisyè Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sityasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

KONSIDERAN, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye yon seri Dekrè Egzekitif an repons ak pandemi COVID-19 la, ki gen ladan Dekrè Egzekitif 20-112, yon Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid la, kote Gouvènè a te re-ouvri kèk biznis; Dekrè Egzekitif 20-120 ki, pami lòt bagay, te sèvi pou ajoute Konte Palm Beach nan kad Faz 1 an, ak Dekrè Egzekitif 20-123 kote Gouvènè a te pwolonje ak mennen tout konte Florid yo nan Faz 1 Konplè an; epi

KONSIDERAN, Administratè Konte a, dapre otorite yo ki site anba a, te pibliye plizyè Òdonans Dijans ki gen ladan Òdonans Dijans 2020-005, anvigè nan dat 29 avril 2020, ak Òdonans Dijans 2020-007 anvigè nan dat 18 me 2020, ki te amande Òdonans Dijans 2020-005 ki prevwa redemaraj pwogresif aktivite navigasyon bato ak maritim, teren gòlf, pak piblik ak prive, zòn natirèl, teren tenis ak pisin kominotè yo; epi

KONSIDERAN, Gouvènè Ron DeSantis nan Dekrè Egzekitif 20-131 an te modifiye Dekrè Egzekitif 20-123 ki otorize aktivite jèn òganize yo fèt, ki gen ladan ekip ak lig espò pou jèn, klèb ak pwogram pou jèn, gadri, kan dete ak kanp rekreyatif pou jèn; epi

KONSIDERAN, li preferab ak pridan pou amande Òdonans Dijans Konte Palm Beach 2020-005 lan pou otorize operasyon aktivite jèn yo ki dekri nan Dekrè Egzekitif 20-131 epi pou modifiye ak ajiste kondisyon ki gen rapò ak navigasyon bato ak maritim, teren gòlf ak pak piblik ak prive; epi

KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA dapre Chapit 9, Atik II, Seksyon 9-35 Kòd Konte Palm Beach lan, ansanm ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52 pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyon Komite a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, ak jan lalwa mande sa, mwen òdone konsa:

1. Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. Òdonans sa a aplike nan tout zòn ki entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach.
3. An akò ak Dekrè Egzekitif 20-131 an, aktivite jèn òganize yo ka fèt, sa gen ladan ekip ak lig espò pou jèn, klèb ak pwogram pou jèn, ak gadri. Kan dete ak kan rekreyatif jèn yo ka fonksyone, sa gen ladan, men pa limite ak, sa yo ki defini nan Seksyon 409.175 ak 513.02 Lwa Florid yo, respektivman.
4. Òdonans Dijans 2020-005 lan, jan Òdonans Dijans 2020-007 la amande li, amande ankò isit la konsa:
 - a. Anèks 2, Revizyon 1 an efase isit la nèt epi ranplase avèk Anèks 2, Revizyon 2, ki gen tit “Kondisyon pou Aktivite Navigasyon Bato ak Maritim.” Tout referans nan Anèks 2, Revizyon 1 an dwe ranplase avèk Anèks 2, Revizyon 2.
 - b. Anèks 3, Revizyon 1 an efase isit la nèt epi ranplase avèk Anèks 3, Revizyon 2, ki gen tit “Kondisyon pou Gòlf.” Tout referans nan Anèks 3, Revizyon 1 an, dwe ranplase avèk Anèks 3, Revizyon 2.
 - c. Anèks 4, Revizyon 1 an, efase isit la nèt epi ranplase avèk Anèks 4, Revizyon 2, ki gen tit “Direktiv pou Re-ouvèti Pak Piblik, Pak Prive ak Zòn Natirèl yo.” Tout referans nan Anèks 4, Revizyon 1 an dwe ranplase avèk Anèks 4, Revizyon 2.

Tout lòt dispozisyon Òdonans Dijans 2020-005 la ak Òdonans Dijans 2020-007 la rete anvigè.

4. Nenpòt dispozisyon nan Amanman sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Amanman sa a avèk rès Amanman an ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Amanman sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Amanman sa a. Dispozisyon Amanman sa a dwe ranplase dispozisyon espesifik nenpòt Òdonans Dijans Konte a te pibliye ki kontrè oswa ki gen konfli avèk Amanman sa a.

5. Amanman sa a dwe antre anvigè nan 12:00 a.m. nan dat 11 jen 2020. Amanman sa a ap ekspire lè Eta Dijans Lokal aktyèl la fini, menm jan li ka pwolonje atravè yon lòt òdonans oswa deklarasyon amwenske gen yon lòt òdonans ki te gentan mete fen ladan.

KONTE PALM BEACH

Pa: [Siyati]
Administratè Konte

 10 jen 2020
Dat

**ATESTE
GREFYE AK KONTWOLÈ**

Pa: [Siyati]
Grefye Adjwen

**APWOUVE SELON
SIFIZANS JURIDIK**

Pa: [Siyati]
Pwokirè Konte

ANÈKS 2 - REVIZYON 2
KONDISYON POU AKTIVITE NAVIGASYON BATO AK MARITIM

A. Marina, waf bato, ranp ak lòt espas lansman.

1. Sèvis ki Bay: Marina, waf bato, ranp bato, ak nenpòt lòt espas ki itilize pou lansman batiman pou rezon rekreyatif, ansanm ak enstalasyon estokaj pakè a sèk, (kolektivman, "Espas Lansman yo"), dwe otorize pou opere depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Operasyon vant an detay Espas Lansman yo ka fonksyone an akò ak Dekrè Egzekitif 20-112 Biwo Gouvènè Eta Florid la ak lòt òdonans ki aplikab pou Konte Palm Beach yo.
2. Restoran: Operasyon restoran nan Espas Lansman yo ka fonksyone an akò ak Dekrè Egzekitif 20-112 Biwo Gouvènè Eta Florid la ak lòt òdonans ki aplikab pou Konte Palm Beach.
3. Pwoteksyon Figi: An akò ak Direktiv CDC yo, anplis de pratik distans sosyal la, pèsònèl Espas Lansman, ansanm ak kliyan yo, dwe itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl, ki gen ladan, men pa limite ak, pwoteksyon figi ak gan.
4. Distans ant bato ak pakin lannuit: Tout batiman yo sou dlo a, ki gen ladan men pa limite ak bato, dwe rete separe nan omwen yon distans 50 pye toutan. Pakin lannuit, swa veyikil oswa batiman yo, nan ranp bato yo entèdi.

B. Aktivite maritim.

1. Aktivite ki Entèdi: Aktivite rekreyatif maritim yo, ki gen ladan, men pa limite ak, lapèch, eskoutè lanmè (jet ski) ak navigasyon bato rekreyatif, dwe otorize an akò ak Direktiv CDC yo, sepannan aktivite annapre yo dwe rete entèdi:
 - a. Navigasyon bato ak nenpòt aktivite rekreyatif ki pa respekte Direktiv CDC yo, ki gen ladan, men pa limite ak, nenpòt aktivite ki pa pèmèt gen bon distans sosyal.
 - b. Flòt yo, ki gen ladan men pa limite ak, de oswa plis bato k ap vwayaje ansanm oswa ki ankre nan yon distans 50 pye youn de lòt.
 - c. Nenpòt aktivite ki lakòz rasanbleman plis pase 10 moun.
 - d. Rafting bato, ki gen ladan men pa limite ak, kòdaj oswa mare ansanm bato oswa batiman yo.
 - e. Echvaj, debakman, ankraj oswa amaraj batiman yo sou sab, zile ak rivaj ki louvri yo.

f. Nenpòt navigasyon bato ki pa komèsyal ki depase limit kapasite annapre yo:

Bato 25' oswa mwens: 4 pasaje granmoun pou pi plis, plis timoun 17 ane ak mwens. 6 moun nan bato a pou pi plis.

Bato 26' - 36': 6 pasaje granmoun pou pi plis, plis timoun 17 ane ak mwens. 8 moun nan bato a pou pi plis.

Bato 37' - 60': 8 pasaje granmoun pou pi plis, plis timoun 17 ane ak mwens. 10 moun nan bato a pou pi plis.

Bato ki depase 60': 10 pasaje pou pi plis, ki pa gen manm ekipaj la ladan.

C. Bato pou frete, bato lapèch ak bato pou plonje.

1. Bato pou frete, bato lapèch ak bato pou plonje yo ("Batiman Rekreyatif Komèsyal"), ka reprann operasyon yo depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Anplis de sa, Batiman Rekreyatif Komèsyal yo dwe respekte restriksyon annapre yo:

- a. Nenpòt sèvis ki ofri an koneksyon ak Batiman Rekreyatif Komèsyal yo ki pa respekte Direktiv CDC yo, ki gen ladan, men pa limite ak, nenpòt aktivite ki pa pèmèt bon distans sosyal, entèdi.
- b. Tout kliyan ki itilize Batiman Rekreyatif Komèsyal yo dwe gen pwòp ekipman yo, ki gen ladan, men pa limite a, kàn lapèch ak materyèl lapèch.
- c. Tout twalèt Batiman Rekreyatif Komèsyal yo dwe afiche direktiv pwòpte CDC a. Savon, dlo ak/oswa dezenfektan pou men pou kliyan yo obligatwa. Twalèt yo dwe pwòp ak dezenfekte regilyèman pandan jounen an.
- d. Tout Batiman Rekreyatif Komèsyal yo dwe delimite pozisyon plas kliyan an, ki gen ladan, men pa limite ak, plas pou plonje ak pozisyon pou peche, separe nan yon distans 6 pye pou pi piti nan itilize riban oswa nenpòt lòt adezif pou asire bon distans sosyal. Anplis de sa, tout sèvis atè ki gen rapò ak Batiman Rekreyatif Komèsyal ki egzije kliyan yo fòme yon liy dwe delimite, nan itilize riban oswa nenpòt lòt adezif, distans 6 pye pou asire bon distans sosyal.
- e. Tout estasyon netwayaj/amòs pwason dwe limite ak yon moun pa estasyon alafwa. Anplis de sa, pwosesis bon netwayaj ak dezenfeksyon dwe pratike.
- f. Nenpòt sèvis filè pwason ki ofri an koneksyon avèk Batiman Rekreyatif Komèsyal yo dwe limite ak yon sèl moun pou chak tab.

- g. An akò ak Direktiv CDC yo, anplis de pratik distans sosyal la, tout moun ki itilize Batiman Rekreyatif Komèsyal yo, swa nan waf, nan anbakman oswa kòm yon pati nan operasyon kòt vil yo, ki gen ladan, men pa limite ak, kapitèn, ekipaj ak kliyan yo dwe itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl, ki gen ladan, men pa limite ak, pwoteksyon figi ak gan.

D. Lokasyon eskoutè lanmè, bato, kannòt, kayak ak planch pou sife.

1. Lokasyon eskoutè lanmè, bato, kannòt, kayak ak planch pou sife ka reprann operasyon depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Anplis de sa, restriksyon annapre yo dwe aplike:
 - a. Lokasyon eskoutè lanmè: Operasyon lokasyon eskoutè lanmè yo dwe limite ak yon sèl kondiktè (oswa ak yon granmoun ak yon timoun ki manm pwòch fanmi an).
 - b. Lokasyon bato: Konpayi lokasyon bato yo dwe respekte menm direktiv ki aplikab pou tout aktivite bato yo ki etabli nan Òdonans sa a, ki gen ladan Anèks sa a.
 - c. Kannòt/Kayak/Planch Sife: dwe limite ak yon sèl moun oswa de moun si gen yon distans 6 pye ki posib.

E. Konstriksyon, reparasyon maritim ak lapèch komèsyal.

1. Konstriksyon maritim, reparasyon ak antretyen batiman/motè ak lapèch komèsyal ka reprann operasyon yo depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Anplis de sa, lapèch komèsyal, operasyon maritim komèsyal ak sèvis sipò yo otorize pou kontinye opere jan sa te endike nan Òdonans Dijans PBC 2020-001a.
2. Pechè komèsyal yo ki gen bon dokiman lisans ap kontinye gen aksè 24 sou 24 nan sit ranp ki deziyen yo; aksè sa a dwe gen ladan gid lapèch ki pote mwens pase kat pasaje epi gen yon chat komèsyal, yon pèmi kapitèn six-pack oswa pi wo ak yon lisans biznis ki anrejistre nan konte a.

F. Pwotokòl ranp/lansman bato nan dlo sale ak dlo dous.

1. Ranp bato (“Ranp Bato”) nan dlo sale ak dlo dous ka itilize depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Anplis de sa, pwotokòl annapre a dwe respekte:
 - a. Ranp bato yo dwe louvri lè solèy leve rive lè li kouche sof lè gen bato komèsyal k ap itilize yo (aksè 24 sou 24 nan sit ki deziyen yo) amwenske otorite konsène yo te pote lòt modifikasyon.

- b. Yon (1) bato pou chak ranp lansman alafwa. Batiman yo dwe prepare alavans pou lanse (sa vle di, koneksyon sekirize, liy waf la mare, ekipman sekirite ak dispozisyon yo deja nan bato). Tout pasaje yo dwe anbake nan batiman an yon fwa li lanse.
- c. Lè li retounen nan waf la, tout pasaje yo dwe rete nan batiman an jiskaske bato a pare pou monte sou remòk la. Yon fwa li monte, tout pasaje dwe retounen nan veyikil yo epi kite espas lansman an ansanm.

G. Waf lapèch, estasyon netwayaj pwason, twalèt piblik/magazen batiman ak waf kabiran.

- 1. Waf lapèch, estasyon netwayaj pwason, twalèt piblik, magazen batiman (amòs ak materyèk lapèch) ak waf kabiran ka fonksyone ak itilize depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Anplis de sa, pwotokòl annapre a dwe respekte:
 - a. Estasyon netwayaj pwason: Aksè a dwe limite ak yon (1) moun pou chak estasyon alafwa. Bon pwosesis netwayaj ak dezenfeksyon dwe toujou pratike.
 - b. Waf lapèch: Distans fizik 6 pye pou pi piti ant pechè yo dwe respekte.
 - a. Twalèt piblik: Aksè a twalèt piblik yo dwe disponib. Twalèt yo dwe pwòp ak dezenfekte regilyèman pandan jounen an. Yo dwe bay savon ak dlo oswa dezenfektan pou men ak/oswa papye dezenfektan nan chak twalèt.
 - b. Magazen batiman (amòs ak materyèl lapèch): Sila yo k ap antre nan magazen batiman (amòs ak materyèl lapèch) dwe, an akò ak Direktiv CDC yo, anplis de pratik distans sosyal, itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl, ki gen ladan, men pa limite ak, pwoteksyon figi.
 - c. Waf kabiran: Dwe otorize pou fonksyone nan respè ak Direktiv CDC yo.

ANÈKS 3 - REVIZYON 2 KONDISYON POU GÒLF

3a: Kondisyon pou Teren Gòlf

Tout teren gòlf minisipal, piblik, ak prive Konte Palm Beach dwe respekte sa yo:

1. Jwèt la dwe òganize pou mach, ti machin gòlf yon sèl chofè, ti machin pataje ki gen yon separatè entèn pou pasaje fizik depi nan chèz la rive nan tèt la, jwè yo mete mask oswa pou fanmi ki ap viv nan menm kay. Anplwaye teren an dwe konfime verifikasyon fanmi an a pati yon pyès idantite. Ti machin pataje yo dwe make epi idantifye ak yon ti drapo koulè pou endike li pataj fanmi an te verifye.
2. Yon etablisman pou pratik kou, ki gen ladan teren antrènman, ka ouvri. Etablisman pou pratik yo dwe prepare yon fason pou jwè gòlf yo gen omwen yon distans 10 pye ant yo epi jwè gòlf yo pa dwe rasanble sou teren antrènman an oswa toupre li.
3. Enstriksyon gòlf ak enstalasyon klèb la dwe fèt nan swiv direktiv rijid sou distans sosyal.
4. Jwè yo pa dwe rasanble toupre antre an oswa kabin amòs la.
5. Pèsonèl la pa dwe manyen valiz yo, baton yo oswa okenn lòt ekipman, ni transpòte atik sa yo pou sòti oswa pou ale nan pakin nan: jwè yo ap responsab pou yo pote tout ekipman yo nan kote sa prevwa a.
6. Paviyon yo dwe fonksyone nan menm kapasite maksimòm aplikab pou restoran yo an akò ak Dekrè Egzekitif 20-112 Biwo Gouvènè Eta Florid la ak lòt òdonans ki aplikab pou Konte Palm Beach.
7. Tout lig, klinik, kan, aktivite òganize jèn ak lòt otorize pou swiv direktiv rijid sou distans sosyal.
8. Sèvis charyo otorize avèk mezi rijid sou distans sosyal anplas.
9. Restoran yo ka ouvri pou sèvis pla pou anpòte oswa konsomasyon manje ak bwason sou plas an akò ak Dekrè Egzekitif 20-112 Biwo Gouvènè Eta Florid la ak lòt òdonans ki aplikab pou Konte Palm Beach.
10. Nan ka restoran sou teren gòlf yo ouvri pou sèvis pou anpòte, dwe gen pano ki deziyen sou charyo yo ak ozalantou paviyon an avèk nimewo telefòn pou rele pou kòmman manje yo ak yon eksplikasyon sou fason pou peye, si etablisman an ofri sèvis sa.

11. Pèsonèl la pa dwe gen estokaj oswa rekiperasyon baton jan san egzije nan kad Lwa Ameriken ki gen Andikap yo.
12. Anrejistreman ak peman dwe fèt nan respè direktiv CDC yo ki disponib nan <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/social-distancing.html> ak nan Anèks 1 jan sa amande. Nou ankouraje pwosedi anrejistreman a distans. Aksè ak magazen gòlf la dwe limite epi kontwole pou asire direktiv sou distans sosyal yo respekte an akò ak Dekrè Egzekitif 20-112 Biwo Gouvènè Eta Florid la ak lòt òdonans ki aplikab pou Konte Palm Beach.
13. Pèsonèl klèb la dwe mete yon ekipman pwoteksyon jan direktiv CDC yo rekòmande sa.
14. Lè pou kòmanse yo dwe gen yon entèval 9 minit omwen pou rezon distans sosyal.
15. Charyo manje ak bwason yo dwe otorize avèk pèsonèl ki itilize ekipman pwoteksyon ak itilize pwosedi ki kenbe pi bon pratik sanitè ak direktiv distans sosyal yo, ki gen ladan:
 - Pèsonèl la dwe mete mask figi ak gan;
 - Ap gen pano sou charyo bwason yo ki di okenn jwè pa otorize touche anyen nan charyo bwason an; epi
 - Sèlman ofisye charyo a k ap distribye atik ki ladan.
16. Pano ki deziyen yo dwe mete andeyò magazen an ak paviyon an ki dekri rekòmandasyon pou distans sosyal ak pwoteksyon figi direktiv CDC yo.
17. Yon “nouy” natasyon oswa yon dispozitif similè dwe itilize pou bouche twou a oswa koup la ap sòlve nan yon distans yon pous pa rapò ak teren an pou anpeche boul la antre nan twou a.
 - Jwè yo dwe konnen pou yo pa janm manyen oswa retire drapo nan koup yo;
 - amwenske yo itilize yon aparèy san kontak pou retire li.
18. Rato nan abri yo dwe retire: USGA sijere pou jwè gòlf yo jwe règ divè (preferred lie) epi pou jwè yo ratise ak pye yo.
19. Materyèl ki pataje yo dwe retire nan charyo gòlf la epi sèlman bay ak moun lè yon inisyatè mande. Lè sa apwopriye, atik sa yo dwe answit jete apre premye itilizasyon yo. Pèsonèl la dwe byen dezenfekte atik ki pa jetab yo anvan lòt jwè gòlf itilize yo.
20. Tout wondèl ak biy yo ki aksesib pou jwè ap retire oswa vewouye.
21. Pandan jwèt la, jwè gòlf yo dwe kenbe distans sosyal dapre direktiv CDC yo.
22. Sou teren an, twalèt yo dwe pwòp ak dezenfekte regilyèman pandan jounen an.

23. Yo dwe bay savon ak dlo oswa dezenfektan pou men ak/oswa papye dezenfektan nan chak twalèt.
24. Tou estasyon dlo potab yo dwe retire. Estasyon dlo ki deja konekte yo ka itilize pou ranpli resipyan dlo yo. Jwè gòlf yo dwe itilize gan nan men yo pou yo pran dlo.
25. Jwè gòlf yo dwe konnen pou yo pote dlo pa yo ak boutèy pa yo pou yo ka rete idrate; restriksyon sou glasè pèsònèl ki gen dlo yo pa egziste ankò.
26. Ti machin gòlf yo dwe netwaye epi dezenfekte apre chak pakou.
27. Jwè yo pa dwe rasanble apre match la. Jwè yo dwe kite teren gòlf la imedyatman match la fini.
28. Responsab yo dwe distribye règ pakou yo ak lis Responsabilite Jwè Gòlf la (Anèks 3b. ki gen tit “Responsabilite Jwè Gòlf yo” pandan anrejistreman an.

3b. Responsabilite Jwè Gòlf

1. Jwè yo pa dwe rasanble toupre kabin anrejistreman oswa amès la.
2. Pèsònèl la pa dwe manyen valiz yo, baton yo oswa okenn lòt ekipman, ni transpòte atik sa yo pou sòti oswa pou ale nan pakin nan: jwè yo ap responsab pou yo pote tout ekipman yo nan kote sa prevwa a.
3. Jwè yo pa dwe janm manyen oswa retire drapo koup yo (tout kou ki frape “nouy” natasyon an oswa dispozitif similè ki itilize pou bouche twou a oswa koup la ap konsidere kòm si li te gen twou) amwenske gen yon aparèy san kontak ki itilize pou retire li.
4. Pèsònèl teren gòlf la dwe retire rato nanabri yo: USGA sijere pou jwè gòlf yo jwe règ divè (preferred lie) epi pou jwè yo ‘ratise’ ak pye yo.
5. Lè y ap jwe, jwè gòlf yo dwe maksimize distans fizik dapre direktiv CDC yo nan <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/socialdistancing.html> ki anekse nan Òdonans Dijans No. 5 Konte Palm Beach, ki gen ladan nenpòt amannman. Tout jwè yo dwe kenbe sis (6) pye distans ant yo toutan, e yon gadyen oswa yon manm nan pèsònèl la dwe veye ke jwè yo respekte direktiv yo sou teren an.
6. Jwèt la òganize pou mach, ti machin gòlf yon sèl chofè, ti machin pataje ki gen yon separètè entèn pou pasaje fizik depi nan chèz la rive nan tèt la, jwè yo mete mask oswa

pou fanmi ki ap viv nan menm kay. Anplwaye teren an dwe konfime verifikasyon fanmi an a pati yon pyès idantite. Ti machin pataje yo dwe make epi idantifye ak yon ti drapo koulè pou endike li pataj fanmi an te verifye.

7. Jwè gòlf yo dwe pote pwòp boutèy dlo pa yo ak glasè pèsonèl ki gen dlo pou yo rete idrate. Lè jwè gòlf yo ap itilize estasyon dlo ki disponib yo pou ranpli resipyan dlo yo, yo dwe itilize gan nan men yo pou pran dlo a.
8. Li konseye pou jwè gòlf yo chanje soulye yo nan pakin nan epi vin ak pwòp dezenfektan pou men pa yo.
9. Tout jwè gòlf yo pa dwe rasanble apre yo fin jwe e yo dwe kite teren an imedyatman yo fini pou evite anbouteyaj ak rasanbleman sou pwopriyete a oubyen nan pakin lan.

ANÈKS 4 – REVIZYON 2:
KONDISYON POU RE-OUVÈTI PAK PIBLIK, PAK PRIVE AK ZÒN
NATIRÈL

A. Kondisyon pou pak piblik, pak prive ak zòn natirèl yo:

1. Pak piblik konte ak minisipal yo, ak zòn natirèl yo ka re-ouvri depi direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo, respekte.
2. Lapolis, gadyen pak ak pèsònèl ki la pou sa dwe patwouye nan pak yo ak zòn natirèl yo epi siveye ak asire respè direktiv sou distans fizik yo.
3. Pak yo dwe swiv direktiv CDC yo pou kenbe enstalasyon ki ouvri yo pwòp epi dezenfekte. Disponibilite twalèt yo kapab limite.
4. Lè pak yo kòmanse lè solèy la leve pou rive lè li kouche, eksepte pou etablisman espò sipèvize ki gen limyè yo ak sof si otorite konpetan yo pote lòt modifikasyon.
5. Espas natirèl yo, santye yo, pis pou kouri yo (sans inik yo, yon sèl direksyon) ouvri sèlman pou mache, kouri, pwomnad, siklis ak ekitasyon, kote yo otorize yo.
6. Lapèch, kannòt/kayak, ranp bato nan dlo dous yo, eski nan dlo, planch nan dlo, disk gòlf, lokasyon kannòt, kayak ak bisiklèt, pak pou chen, pak patinaj sipèvize ak pis pou bisiklèt yo otorize depi direktiv CDC yo, ki gen ladan, men ki pa limite ak, distans sosyal respekte epi gen sipèvizyon sou plas pou pak patinaj ak pis pou bisiklèt yo.
7. Aktivite kavalye yo ka re-ouvri depi direktiv CDC yo ki gen ladan, men pa limite ak, bon distans sosyal respekte.

B. Restriksyon sou aktivite rekreyatif nan pak piblik, pak prive ak zòn natirèl yo:

1. Tout espas pou jwe nan pak yo, ekipman pou jwe ak pou fè egzèsis yo dwe rete fèmèn.
2. Paviyon piknik yo k ap sèvi jiska 10 moun ka rete ouvri.
3. Itilizasyon fontèn dlo yo entèdi sof pou estasyon pou ranpli boutèy ak fontèn dlo pou chen.
4. Rasanbleman an gwoup 10 oswa plis entèdi.
5. Teren yo ki gen ladan baskètbòl, pikobòl ak rakètbòl ka ouvri.
6. Bilding rekreyatif ak sal espò yo ka re-ouvri men sijè ak limit nan kapasite yo epi direktiv sou distans sosyal yo respekte ki nan Dekrè Egzekitif 20-112 Biwo Gouvènè Eta Florid la ak lòt òdonans ki aplikab pou Konte Palm Beach.

7. Teren kanping yo dwe rete fèmen.
8. Espò anplennè ak sou gazon yo otorize avèk pa plis pae 50 moun pou chak teren, liy touch yo ladan. Tout jwè ki annatant yo ak espektatè yo dwe kenbe distans fizik 6 pye.
9. Espò anplennè ak sou gazon yo dwe ankouraje ijyèn epi pa otorize bat men, vole sou lòt oswa pataje boutèy dlo ak manje. Lespri espò a dwe kontinye san touche lòt.
10. Aktivite espò ak lig jèn yo otorize. Òganizatè ak esponnsò aktivite espò ak lig jèn yo dwe konnen Konsiderasyon CDC sou Espò pou Jèn yo ki isit la tankou Seksyon C ak itilize yo nan idantifikasyon ak aplikasyon mezi pou pwoteje jwè, antrenè, enstriktè ak espektatè yo.
11. Itilizasyon ekipman espò pataje pa ankouraje. Boul ak ban ekip yo dwe dezenfekte anvan ak apre chak seyans pratik oswa jwèt.
12. Konsesyon manje ak bwason yo otorize an akò ak Dekrè Egzekitif 20-112 Biwo Gouvènè Eta Florid la ak lòt òdonans ki aplikab pou Konte Palm Beach yo.

C. KONSIDERASYON CDC SOU ESPÒ POU JÈN

(ALE NAN PAJ APRE YO)